# БИЛИМ АЛҒАН МЕКТЕПКЕ САЎҒА

Бүгин Мәмлекетлик хызметлер агентлиги Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы Казбек Артыков өзи билим алған Тақыятас районындағы 8 - санлы улыўма билим бериў мектебинде болып, муғаллимлер ҳәм оқыўшылар менен ушырасыў өткерди.

Image not found or type unknown

Ушырасыў барысында Басқарма баслығы оқыўшылар менен сәўбетлесип, олардың билим алыў процесслериндеги пикир-усыныслары, бул ушын мектепте жаратылған шараятлар менен жақыннан танысты.

Оқыўшылар атап өтилгениндей, бул жерде билим алыў ушын оларға барлық шараятлар жаратылған.

Image not found or type unknown

– Сизиң ўазыйпаңыз усы имканиятлардан кеңнен пайдаланған ҳалда терең билим алыў болса, бизиң ўазыйпамыз сизлерге ҳәр тәреплеме имканият жаратыў болып табылады, – деди Басқарма баслығы.
Буннан кейин Казбек Артыков өзиниң оқыўшылық дәўирин айтып берип, оқытқан муғаллимлерин еске тусирди. Өмири даўамында жетискенликлери, қолға киргизген табысларында усы мектепте алған билими тийкар болғанлығын айрықша атап өтти.

Image not found or type unknown

Оқыўшылар өзлериниң қызықтырған сораўларына жуўаплар алды.Ушырасыў соңында мектеп жәмәәтине 10 дана заманагөй компьютер,қарақалпақ ҳәм өзбек тиллериндеги түрли атамадағы әдебий китаплар саўға етилди.

Image not found or type unknown

Мәмлекетлик хызметлер агентлиги

Қарақалпақстан Республикасы басқармасы

жәмийетшилик ҳәм ҒХҚ менен байланыслар бөлими